

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- NOUVO SIPÈENTANDAN M-DCPS
- PLAN PEMAN DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID
- ENTÈNÈT GRATIS POU ELÈV

FEVRIYE 2022

Biltèn 14 | NIMEWO 83 |

YON MESAJ SIPÈENTANDAN DOKTÈ JOSE L. DOTRES



Se avèk anpil onè ak imilite m ap sèvi kòm nouvo Sipèentandan “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County). Sistèm lekòl sa a se pa sèlman youn nan meyè distri lekòl; ki gen plis siksè nan peyi a; li se lakay mwen tou. Se la mwen te kòmanse lekòl kòm yon “English Language Learner (ELL)” (Moun K ap

Aprann Anglè) nan laj senkan (5) aprè mwen te imigre nan peyi sa a, mwen te gradye nan lekòl segondè, e mwen te kòmanse yon karyè ki long e satisfèzan.

Nan trantan (30) karyè mwen nan M-DCPS, mwen te aprann angajman pou ekselans chita nan kè manm kominote nou an eksepsyonèl ansanm ak efò elèv nou yo, paran yo, ak anplwaye yo.

Jodi a, mwen retounen lakay mwen pou m kontinye travay kolektif Distri a avèk yon nouvo angajman ak detèminasyon. San dout M-DCPS rive byen wo e li akonpli anpil siksè. Malgre nou gen anpil bagay pou nou selebre, nou ap navige tou atravè defi san parèy ki mande pou nou gen pasyans, konpreyansyon, kouraj, ak rezistans. Gen anpil travay ki rete pou nou fè

pou adrese bezwen aprantisaj ki poko satisfè, kesyon sante mantal e bezwen sosyo-emosyonèl, ansanm ak byennèt e sekirite elèv n ap sèvi yo. Wi, nou gen anpil gwo defi devan nou; men ansanm, nou pral leve yo.

Pandan n ap fè efò pou kenbe elan e kontinye avanse, mwen kontan anpil pou posiblite ki ap tann nou alavni. Mwen pa ka tann pou m kòmanse travay avèk ou, Komisyon Konsèy Lekòl nou an ki trè devwe, e avèk anpil lòt pati ki gen enterè nan kominote a pou kontinye ranfòse siksè elèv yo; prepare elèv pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè, e nan lavi; vini avèk nouvo lide e ogmante opòtinite pou aprantisaj.

Mèsi pou kolaborasyon ou pou asire M-DCPS pèmèt tout elèv reyisi.

YO NONMEN UNETHIA FOX MEYÈ PWOFESÈ M-DCPS POU ANE A, GABRIELA GOITÍA VÁZQUEZ SE MEYÈ PWOFESÈ DEBITAN POU ANE A



Unethia Fox

Gabriela Goitia Vazquez

Yo nonmen Unethia Fox, yon pwofesè matematik Edikasyon Espesyal nan South Miami Senior High School, Meyè

Pwofesè Francisco R. Walker pou Ane 2023 a nan Miami-Dade County.

Sa fè 19 ane depi Fox ap anseye nan ansyen lekòl li a, South Miami Senior High. Enspirasyon li pou ansèyman gide elèv li yo akademikman e emosyonèlman nan trajektwa yo pou rive nan laj adilt. Siksè yo se ankourajman ki fè l kontinye rete angaje, evolye e devlope pou kenbe koneksyon pou tout lavi ak yo e ak kominote a.

Aktyèlman li se yon kowòdonatris Istwa Nwa/Defansè Istwa Afriken Ameriken e yon manm nan “Educational Excellence School Advisory Council (EESAC)” (Komite Konsèy Konsiltatif Lekòl Ekselans Edikasyonèl). Teknoloji jwe yon wòl esansyèl nan apwòch ansèyman li. Li sèvi ak pozisyon li kòm inovatè dijital lekòl la pou òganize fòmasyon pou enstrii kolèg li yo sou pi bon pratik pou entegre teknoloji nan plan leson yo.

Fox tou se antrenè anchèf pou baskètbòl, volebòl, foutbòl drapo ak ekip kous jèn fi yo. Li te dirije ekip baskètbòl jèn fi yo ki te ranpòte yon Chanpyona Distri an 2014. Anplis, yo te nonmen li Meyè Antrenè Baskètbòl Federasyon Lekòl Segondè Nasyonal Florid pou ane 2009.

Fox te jwe yon gwo wòl pou te remete sou pye Klib 'Watu Wazuri'. Se te yon bon souvni nan epòk li te elèv nan South Miami High, klib la bay yon espas ki an sekirite pou elèv Afriken-Ameriken ak minorite yo patisipe nan pwojè sèvis kominotè yo.

Finalis la se Derek Bostick nan South Dade Technical College-Skills Center.

Meyè Pwofesè Debitan pou Ane a 2022 a se Gabriela Goitía Vázquez, yon edikatè ki sou dezyèm ane li nan Alonzo and Tracy Mourning Senior High. Li anseye Anglè I nan 9yèm ane eskolè, Lang Anglè AP ak Redaksyon ak Anglè 9yèm ane jiska ESOL. Salklas li a se yon refij kote elèv yo santi yo an sekirite, respekte e valorize pandan y ap eksplòre e aprann Anglè.

Misyon Ms. Vázquez klè – se pou l ede elèv yo devlope pou tounen ekriyen e gen ladrès panse kritik. Li byen imajine

yon espas ki gen ladan yon lis liv pou elèv yo li, travay atistik elèv yo ak yon kwen sosyo-emasyonèl pou rafrech tèt yo, reflechi ak ekri jounal yo. Li aktif tou nan kominote lekòl li a pou bay leson patikilye ann Anglè e li patwone Klib Inyon Elèv Panyòl/Latinx la.

Mary Martinez ki soti nan Pinecrest Elementary se finalis la.

**TI KONSÈY SOU
ENTÈNÈT POU PARAN**
Konekte Chak Jou
<https://bit.ly/34BJul0>

M-DCPS, T-MOBILE PRAL OFRI 35,000 ELÈV AKSÈ GRATIS SOU ENTÈNÈT



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap kontinye efò li yo pou diminye eka nan domèn dijital e ofri koneksyon entènèt pou elèv ki pa gen bonjan entènèt lakay yo atravè yon patenarya avèk "Project 10Million" (Pwojè 10 Milyon) konpayi T-Mobile la.

Aparèy 'hotspots' yo disponib pou distribisyon imedyat bay elèv yo, sou baz moun ki vini anvan se li menm k ap resevwa sèvis anvan. Nou ankouraje elèv ak fanmi ki nan bezwen yo avèk tout fòs nou pou yo patisipe nan pwogram sa a. Pa gen okenn frè oswa pri pou elèv yo peye. Nou ankouraje paran yo pou yo kontakte yon manm administrasyon lekòl pitit yo a pou fè demann pou yon aparèy 'hotspots' gratis ak koneksyon entènèt.

Pou aprann plis sou Pwojè 10Milyon an, vizite <https://www.t-mobile.com/p10m>.

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

9 Mas
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

30 Mas
10:00 dimaten
Odyans Piblik sou
Materyèl Enstriksyonèl

PLAN PEMAN DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID



Li pa janm twò bonè pou ekonomize pou kolèj. Anfèt, pi bonè yon fanmi kòmanse ekonomize, se mwens l ap peye pa mwa. "Florida Prepaid College Plans" (Plan Peyè Davans pou Kolèj nan Florid) kòmanse enskripsyon anyèl li a pou tout moun avèk plan ki ofri frè

ekolaj ki abòdab pou divès kalite bidjè. Avèk Plan Peyè Davans nan Florid la, fanmi yo ka bloke frè ekolaj la pou peye kolèj nan lavni. Peryòd enskripsyon an ouvè kounye a pou jiska 30 avril 2022 avèk plan ki kòmanse a \$45 pa mwa. Nou ankouraje fanmi yo pou yo itilize zouti pou kalkile Plan Peman Davans la sou entènèt, pou eksplòre divès opsyon pri pou plan peman yo. Kòmanse planifye pou yon pi bèl avni lè w kòmanse ekonomize pou kolèj jodi a! Enskri jodi a lè w vizite <https://bit.ly/3phTsjh>.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

25 Fevriye
Lotri VPK
21 – 25 Mas
Vakans Prentan



Sèt (7) ansyen elèv renome e distenge ki diplome nan Lekòl Leta Miami-Dade County te inisye pou fè pati "Alumni Hall of Fame" (Lis Ansyen Elèv Selèb) "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pou akonplisman yo reyalize nan etid siperyè e kòm pwofesyonèl.

Pami moun ki antre nan lis ansyen elèv distenge ki reflète istwa rich lekòl Miami-Dade yo e ki reprezante klas 2022 la genyen:

- Rodney Adkins – Majè pwomosyon klas 1976 nan Lekòl Segondè Miami Jackson. Li se Chèman antrepriz Avnet, Inc. la e li se Prezidan '3RAM Group'. Li te premye ofisye egzekitif orijin Afriken-Ameriken ak ansyen Vis-Prezidan Anchèf pou devlopman ak fabrikasyon nan antrepriz 'IBM'. Se li ki te lanse pwogram odinatè mobil pèsònèl 'IBM ThinkPad' la.
- Michelle Bernstein – Klas 1986 nan Lekòl Segondè North Miami. Chèf kuizin "James Beard Foundation"

(Fondasyon James Beard) ki ranpòte prim, Prezantatris emisyon televizye "Check, Please! South Florida" ak pwodiksyon emisyon televizye "SoFlo Taste" ki resevwa prim 'Emmy' a.

- Dr. Vivek Murthy – Majè pwomosyon klas 1994 nan Lekòl Segondè Miami Palmetto. Li diplome nan Inivèsite Harvard ak nan Lekòl Medsin Yale. Li se 19èm e 21èm Minis Sante Etazini, li te fonde òganizasyon "Doctors for America" (Doktè pou Etazini).
- George Christian Pedersen – Klas 1958 nan Lekòl Segondè South Dade. Li se Ofisyèl Egzekitif Anchèf antrepriz 'Kimre Clean Air Technology' Li resevwa diplòm nan Jeni Chimik nan Enstiti Teknoloji Massachusetts.
- Armando Christian Perez – Klas 1999 nan Lekòl Segondè Miami Coral Park. Li se yon mizisyen 'rapper' Ameriken yo konnen sou non sèn li "Pitbull" oswa "Mr. Worldwide." Li gen anpil talan kòm yon chantè,

otè-konpozitè, ak pwodikte mizik; li resevwa prim 'Grammy' pou meye mizisyen e li vann plis pase 100 milyon disk atravè lemond.

- Maribel Perez Wadsworth – Klas 1990 nan Lekòl Segondè Coral Gables. Premye Ofisye Anchèf Estrateji pou piblikasyon kominotè Etazini konpayi Gannett la te janm genyen. Li se Prezidan Rezo jounal nasyonal 'USA TODAY' a, e li se Editris Jounal USA Today e an 2019 li te resevwa Prim "Robert G. McGruder Award for Leadership Diversity" (Robert G. McGruder pou Divèsite nan Gouvènans).
- Dtè. Robert Sackstein – Klas 1973 nan Lekòl Segondè Southwest Miami. Li se yon doktè ak chèchè byomedikal ki renome nan lemonn e ki espesyalize nan transplantasyon mwèl zo; li diplome e anseye nan Lekòl Medsin Harvard. Li sèvi kòm Vis-Prezidan Anchèf antrepriz 'Global Medical Affairs' e li se Pwofesè Medsin Translasyonèl nan Inivèsite Entènasyonal Florid (FIU).

Si w se yon ansyen elèv Lekòl Leta Miami-Dade County, rete konekte avèk dènye nouvèl, evènman yo ak divès fason pou w patisipe lè w vizite <https://www.engagemiamidade.net/alumni-connect>.



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS



@MiamiSchools



@MiamiSchools



@MiamiSchools

**Komisyon Konsèy
Lekòl Miami-Dade
County, Florid**

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Doktè Jose L. Dotres
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	